

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di wewengkon Sunda, réa pisan kabudayaanana. Salah sahijina nya éta kabudayaan dina widang tulisan nu disebut naskah atawa *manuscript*. Naskah atawa *manuscript* mangrupa wujud anu kongkrit tina hiji tulisan leungeun anu diwangun ku sababaraha komponén bahan tulisan, sarta basa anu mibanda téks. Téks dina naskah biasana jadi bahan objék garapan kajian tina filologi (Baried spk, 1985 kc. 4). Ruhaliah (2020, kc. 1) nétélakeun yén filologi mangrupa élmu pangaweruh nu patali jeung studi téks sastra atawa budaya ogé patali jeung kasang tukang budaya nu aya dina éta téks.

Minangka salah sahiji wanda budaya nu jadi warisan sacara turun-tumurun, eusi tina téks naskah ngawengku karya sastra anu ngébréhkeun rasa jeung pikiran pangarangna (Jaladri, 2021, kc. 50). Aya sawatara aksara nu dipaké dina naskah-naskah nu geus kapanggih di tatar Sunda, di antarana aksara Sunda Kuna, aksara Buda/Gunung, aksara Jawa (Cacarakan), aksara Pégon, jeung aksara Latén (Ruhaliah, 2018, kc. 13).

Naskah atawa *manuscript* mangrupa tulisan leungeun asli anu lila umurna minimal 50 taun. Ku kituna, teu saeutik jalma nu nganggap yén ulikan filologi ngeunaan naskah minangka disiplin élmu anu kurang ngirut ati, henteu modérn, jeung tinggaleun jaman (Sudibyoy, 2007, kc. 107). Padahal nurutkeun Barried spk. (dina Hidayani, 2019, kc. 90) filologi mangrupa hiji widang élmu nu bisa jadi cukang lantaran pikeun ngébréhkeun informasi kahirupan masarakat bihari, boh ngeunaan sajarah, adat-istiadat, hukum, basa, agama, sastra, moral, jrrd.

Kiwari, naskah (*manuscript*) mangrupa sastra heubeul nu geus teu pati dipikawanoh jeung jarang dibaca. Salian ti dianggap kuno jeung teu modérn, can lobana karya sastra heubeul nu digarap nepi ka jadi hiji bacaan nu bisa dipikaharti ku balaréa, buku asli nu jumlahna kawatesanan jeung naskahna ogé loba nu teu apal di mana ayana, ngabalukarkeun masarakat teu wanoh kana naskah. Salian ti éta, dina jaman kiwari naskah-naskah Sunda loba anu leungit. Leungit wujud naskahna

atawa leungit ma'nana lantaran teu apal kana eusi naskahna. Leungitna naskah dilantarankeun kurangna kasadaran masarakat kana widang naskah, ruksakna tempat neundeun naskah, ruksakna keretas nu dipaké nulis naskah, jeung bisa ogé lantaran jalma nu boga naskah henteu nurunkeun naskahna ka jalma séjén (Ruhaliah, 2018, kc. 13).

Kurangna minat masarakat kana maca naskah Sunda, patali jeung aksara nu hésé dibaca, katut naskahna nu langka (Ruhaliah, 2018, kc. 13), ngabalukarkeun yén naskah jeung eusi naskah téh perlu pikeun disalametkeun. Tarékah pikeun nyalametkeunana nya éta bisa ku cara ditalungtik. Salah sahiji wangun nu dipaké panalungtikan naskah bisa mangrupa transliterasi naskah kana hurup anu bisa dibaca ku jalma réa. Transliterasi nurutkeun Rahman & Nurjanah (2021, kc. 29) hartina mindahkeun sistem nulis hiji naskah kana sistem nulis séjénna. Sabada ditransliterasi, bisa diguar eusi naskah disawang tina sababaraha jihat sawangan.

Dina panalungtikan Arum (2018, kc. 3) diébréhkeun yén transliterasi mangrupa hal nu penting jeung perlu dina kahirupan manusa nu “*berbudaya*”, lantaran transliterasi mangrupa salasahiji cukang lantaran atawa usaha pikeun nyalametkeun eusi tina téks naskah heubeul sangkan babari jeung bisa dipipaham mangpaatna ku masarakat.

Naskah heubeul salian ti bisa jadi dokuméntasi budaya ogé bisa dijadikeun objék pangajaran pikeun nyangking ajén-ajén anu kawengku dina éta naskah. Ajén-ajén éta téh diperlukeun pikeun nyaluyukeun sarta ngalarapkeun ajén kahadéan anu aya di mangsa bihari pikeun dilarapkeun dina mangsa kiwari (Saraswati, 2017).

Panalungtikan saméméhna anu jadi pangrojong kana ieu panalungtikan, di antarana nya éta: (1) “Naskah Wawacan Said Saman untuk Bahan Ajar Membaca Wawacan di SMA Kelas XI: Analisis Filologi dan Struktural” ku Nuning Ayuningsih (2018); (2) “Nilai Agama dalam Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri untuk Bahan Ajar Membaca Wawacan di SMA Kelas XII” ku Rindi Vaivti Melandi, Dedi Koswara, jeung Usep Kuswari (2013); (3) “Naskah Wawacan Babad Salira: Transliterasi, Purwakanti, jeung Ajén Kaagamaan” ku Anisa Yunidawati (2018); (4) “Transliterasi dan Nilai Keagamaan dalam Naskah Layang Carios Abduloh” ku Jaladri (2021); jeung (5) “Ketabahan Seorang Istri dan Nilai Keagamaan dalam Naskah Siti Jaojah” ku Sasti Ameliawati, Ruhaliah, & Nunuy

Niténan kana sababaraha panalungtikan nu geus aya, tangtu panalungtikan ngeunaan naskah téh lain hal nu anyar. Sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun miboga sasaruuan, ngeunaan transliterasi naskah jeung ajén kaagamaan sarta dipatalikeun jeung bahan pangajaran wawacan di SMA. Sedengkeun anu ngabédakeunna nya éta dina objék panalungtikanana. Sanajan geus aya panalungtikan ngeunaan transliterasi dina naskah Sunda, tapi can aya nu kungsi nalungtik transliterasi jeung ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Purwadaksina” anu dipatalikeun jeung bahan ajar. Ku kituna dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan eusi naskah “Wawacan Purwadaksina”, nu eusina mangrupa téks wawacan nu diwangun ku sababaraha pupuh. Ieu “Wawacan Purwadaksina” kapanggih tina hasil studi lapangan sarta wawancara ka Kp. Neglasari Kecamatan Ciwidey Kabupaten Bandung.

Patali jeung bahan pangajaran, luyu jeung KIKD dina Kurikulum 2013 revisi 2017, wawacan mangrupa salasihiji materi pangajaran basa Sunda di SMA Kelas XI kalawan Kompetensi Dasar 3.8 *Menganalisis isi, struktur, serta aspek kebahasaan petikan cerita wawacan*. Tina ayana pangajaran wawacan di kelas XI SMA, geus écés yén siswa diperedih apal kana wawacan ku cara mikawanoh jeung maca sangkan bisa apal kana eusi wawacan. Luyu jeung Kurikulum Merdeka, literasi maca-nulis téh mangrupa salasihiji kompetensi literasi dasar anu kudu dikawasa ku guru jeung siswa.

Ieu panalungtikan dianggap perlu sabab jadi cukang lantaran pikeun maluruh eusi anu aya dina naskah “Wawacan Purwadaksina”. Loba pisan mangpaat nu bisa kacangking tina ieu panalungtikan. Pikeun widang basa, ieu panalungtikan téh bisa nambahan kabeungharan kandaga kecap. Pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung bisa leuwih neuleuman kana karya sastra buhun wanda carita wawacan. Pikeun widang atikan, ieu hasil transliterasi naskah “Wawacan Purwadaksina” bisa dijadikeun bahan pangajaran wawacan di sakola jeung réa ajén-ajén kagaamaan ngeunaan saréat, hakékat, torékat, jeung ma’ripat patali jeung ajaran Nabi anu bisa dilarapkeun dina kahirupan kiwari. Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan nu baris dilaksanakeun miboga judul “Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Purwadaksina pikeun Bahan Pangajaran Wawacan di SMA Kelas XI” anu penting pikeun dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan déskripsi naskah, transliterasi jeung ajén kaagamaan anu aya dina naskah “Wawacan Purwadaksina”. Ieu wawacan ogé bakal dipatalikeun jadi bahan pangajaran wawacan di kelas XI SMA.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Déskripsi naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 2) Transliterasi naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 3) Ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 4) Larapna naskah “Wawacan Purwadaksina” pikeun bahan pangajaran wawacan di kelas XI SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sabada diidéntifikasi, masalah anu baris ditalungtik diwangun dina kalimah tanya ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi naskah “Wawacan Purwadaksina”?
- 2) Kumaha wangun transliterasi naskah “Wawacan Purwadaksina”?
- 3) Ajén kaagamaan naon waé nu aya dina “Wawacan Purwadaksina”?
- 4) Kumaha larapna bahan pangajaran wawacan di kelas XI SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal. Anapon tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus anu didadarkeun leuwih jéntré dina poin-poin ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan luyu jeung kasang tukangna nyaéta hayang maluruh ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Purwadaksina” ngaliwatan transliterasi pikeun bahan pangajaran wawacan di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 2) transliterasi téks naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 3) ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 4) larapna bahan pangajaran wawacan di kelas XI SMA.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat dina dua jihat, kayaning jihat téoritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nyangking pangaweruh anyar ngeunaan naskah, transliterasi, jeung ajén kaagamaan dina naskah pikeun panalungtik anu nalungtik hal nu sarua.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa diala mangpaatna dina sababaraha hal, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh anyar utamana élmu anu aya patalina jeung naskah. Nu nalungtik ogé miboga data hasil panalungtikan anu eusina ngeunaan transliterasi jeung pedaran ngeunaan ajén kaagamaan anu aya dina ieu naskah;
- 2) pikeun masarakat, hasil déskripsi, transliterasi, jeung analisis ajén kaagamaan bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ogé pedoman kaagamaan pikeun kahirupan sarta bisa ngalap mangpaat anu patali jeung ieu naskah;
- 3) pikeun guru, bisa dijadikeun bahan pangajaran wawacan; jeung pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun rujukan pustaka pikeun panalungtikan anu sarua.

1.5 Raraga Nulis

Sacara gurat badag, ieu skripsi kabagi jadi lima bab kalawan wincikan saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan

husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis), sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, dipedar ngeunaan tiori-tiori anu aya patalina jeung naskah, transliterasi, wawacan, ajén kaagamaan, sarta bahan pangajaran. Salian ti éta dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna nu jadi pangrojong panalungtikan jeung raraga mikir nu mangrupa dadasar dina ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pembahasan, baris medar hasil tina panalungtikan ngeunaan transliterasi, ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah “Wawacan Purwadaksina” sarta implikasi atawa larapna dina bahan pangajaran wawacan di kelas XI SMA

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékomendasi.